ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№64 (23.222) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хъуран Хь. Т. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылэжьам икІи жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Хъуран Хьэсэнбий Темыркъан и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№33-УГ

Щоджэн Хь. Н. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законымрэ хабзэмрэ хъумэным къаруушхэ зэрыриХьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» цІэ лъапІэр фІэщын **Щоджэн Хьэсэнбий Назир и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Арбитраж Судым и судыщІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№34-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретару гъэувын **Емкъуж Алик Хьэсэн и къуэр**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м
№36-УГ

Емкъуж Алик КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарщ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыдигъэкІа Указымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретару Емкъуж Алик игъэуващ. 2011 гъэм щегъэжьауэ а къулыкъур иІыгъащ Ещыгъауэ Руслан.

Емкъуж Алик Хьэсэн и къуэр Дзэлыкъуэ районым щыщ Сэрмакъ къуажэм 1950 гъэм къыщалъхуащ.

Абы Воронеж дэт къэрал университетыр «Правоведение» ІэщІагъэмкІэ къиуващ. Республикэм и хабзэхъумэ органхэм лэжьэн щыщІидзащ. Илъэс тІощым щІигъукІэ абы унафэщІ кулыкъухэр щиІыгъащ КъБР-м и прокуратурэм.

Емкъуж Алик къэрал, ведомствэ наградэ зэмылІэужьыгъуэхэр къратащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юристщ, Урысей Федерацэм и прокуратурэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аиІэ.

• КъБР-м и Парламентым

Мэкъумэш Іэнатіэм и щытыкіэр къыхэтхыкІынми нэгъуэщІхэми ятеухуауэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэху 20-м щигъум щытепсэлъыхьащ. ЗэІущІэм хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу хэт Ульбашев Мухьэрбийрэ УФ-м и ФС-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заурэ.

ЗЭІУЩІЭР къызэрыщІадзар КъБР-м и Парламентым и комитетхэм щІэуэ хагъэхьахэмкІэщ. КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым Войтов Алексей хагъэхьащ. Депутатхэм зэдзэрзэпуэ Іэ яІэтащ КъБР-м и Парламентым и комитетитІым - ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгуэхэмкІэ и комитетымрэ Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхуэхмкіэ и комитетымрэ - Къалмыкъ Марат зэрыхагъэхьэмкІэ, Савченко Наталье - Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэ хъумэнымкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетхэм хэту депутат къалэнхэр гъэзэщІэным яужь зэрихьэмкІэ.

ЗэІущІэм законопроект зыбжанэм щыхэплъащ, языныкъуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ. Ахэр теухуат Къэбэрдей-Балъкъэрым административнэ хабзэхэр щыщыізэпемыгъэудыным, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм депутатхэр зэрыщыхахьам, нэгъуэщІхэмри.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, Къэрал ухуэныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мэлбахъуэ Борис къытеувыІащ «КъБР-м и жылагъуэм и нэІэ зытригъэтыфынум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным. Законопроектым егъэбелджылы жылагъуэм и нэІэ зытригъэтыфыну къэрал кулыкъущІапІэхэр, щІыпІэ самоуправленэхэр, къэрал муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэр, абыхэм щІэкІуэнкІэ хъуну щхьэусыгъуэхэр. Абыхэм хохьэ: жылагъуэ къэпщтэныгъэр, цІыхухэр нэхъ зыгъэпІейтейхэм ятепсэлъыхьынымрэ ахэр зэхэгъэкІынымрэ, нэгъуэщІхэри», - жиІащ Мэлбахьэм.

Урысей Федерацэм мы гъэм щекІуэкІынущ къэралым и мэкъумэш Іэнатіэм и щытыкіэр къыхэтхыкІыным ехьэлІа лэжьыгъэр. Абы теухуауэ КъБР-м и Парламентым къыщащта законым тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къудзэ - мэкъумэш Іэнатіэмкіэ министр Говоров Сергей. Законым къыІэрыщыгъэлъэгъуэмкІэ, мэкъумэш Іэнатіэмэ я щытыкіэр къыхэзытхыкІынуэкІэ муниципалитетэм мэлыжьыхьым и 20 пщІондэ къыІэрагъэпэщащ хуейщ пэшкІэ, транспорткІэ, техникэкІэ. Іуэхум текІуэдэнур федеральнэ ахъшэм щыщщ.

- Илъэсипщым зэ къыІэрагъэпэщ къыхэтхыкІыр мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ шыщхьэуІум и 15 пщІондэ (махуэ 45-кІэ) екІуэкІынущ. А лэжьыгъэшхуэр УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къыхилъхьащ. Абы Іэнатіэ мин 200-м щІигъу къыізэщІиубыдэнущ (абыхэм яхэтщ хьэрычэтыщІэу мини 4,4-рэ, КДХ-уэ мини 2,3-рэ, мэкъумэш зэгуэныгъэу 633-рэ, жыг хадэ, дачэ зэгухьэныгъэу мин 34-м щІигъу, уней хадэу мини 150-рэ). Іуэхум сом мелуани 10-рэ мин 946,2-рэ текІуэдэнущ, - жиІащ Говоров Сергей.

«КъБР-м адэ-анэ зыщхьэщыкІыщ сабийхэм защІэгъэкъуэнымкІэ щрагъэкІуэкІ. Іэжьыгъэм дэщІыгъуэпхъэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэрым и законым и 6-нэ Іыхьэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэм къытеувыІащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмкіэ и министрым и къудзэ Швачий Татьянэ.

КъБР-м Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мэлбахъуэ Борис тепсэлъыхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ирагъэхьыну я гъэзэщІапІэхэм зыбжанэм. Къапщтэмэ, ар къытеувыІащ «УФ-м и ЩІы кодексым и 39-нэ Іыхьэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэр» проектым. Жэрдэмыр теухуащ сабиищ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм пщІэншэу щІы зэрырат щІыкІэр зыхуэдэр гъэбелджылыным.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Жалатаев Сэлим тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законодательствэр 2015 гъэм зыхуэдам.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 7, *махуэку*

♦Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо зэгуэныгъэр къыщыізэрагъэпэща махуэм (1948 гъэм) хуэзэу ягъэлъапІэ.

♦Рунетыр - урысыбзэкІэ лажьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиІэр) къыщызэрагъэпэща махуэщ. 1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м лэжьэн щІидзащ абы икІи дунейпсо «хъым» хэтыну хуитыныгъэ зиІэхэм хагъэхьащ.

♦Анагъэм, лъагъуныгъэмрэ дахагъэмрэ я махуэр щагъэлъапІэ Армением

♦Руандэ къэралым щалэжьа геноцидым хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ. Ар лъэпкъгъэкІэд политикэм и бийуэ ООН-м 2003 гъэм къыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэуващ. КъуэкІыпІэ Африкэм щыІэ а къэралым и унафэщІхэр 1994 гъэм дзэм тридзри, пІалъэкІэ лэжьэну правительствэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ямылэжьа щІэпхъаджагъэхэмкІэ ягъэкІуэнщэурэ, цІыху мин щитхум къыщыщІэдзауэ зы мелуаным нэс ягъэкІуэдауэ къалъытэ абы щыгъуэ. Швачий Татьянэ.

♦Москва къыщызэІуах Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм и зи чэзу съездыр. Абы къыщыщсэлъэнущ Урысей банкхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Тосунян Гарегин, УФ-м и Банк нэхъыщхьэм и унафэщІ Набиуллинэ Эльвирэ, апхуэдэуи къэралым финансхэмкІэ и министр Силуанов Антони кърихьэлІэнущ.

♦1795 гъэм Франджым къыщащтащ метрикэ и пщалъэхэм я мардэм тепхуа хабзэр.

♦1934 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщащ бдзэжьейхэр хъумэным зи лэжьыгъэр хузгъэпса Іуэхущ1апІэхэр.

♦Америкэм щыщ къэрал кулыкъущІэ, ЦРУ-м и япэ унафэщІу щыта **Даллес Аллен** къызэралъхуэр илъэси 123-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист **Мэзыхьэ Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, кинокритик, «Кинотавр» фестивалым и къызэгъэпэщакІуэ **Рудинштейн Марк** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Къэрал кулыкъущІэ, политик, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІ, «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Матвиенкэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, Къандурым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 8, *мэрем*

♦Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ. Цыджанхэм я дунейпсо Конгрессу 1971 гъэм Лондон щызэхэтам къыщащтащ абы теухуа унафэр.

♦УФ-м и Дзэ комиссаритхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Белоруссием и Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Урысей анимацэм и махуэщ

♦1766 гъэм мафІэсыр щагъэункІыкІкІэ къагъэсэбэп пкІэлъейм и патент дунейм щыяпэу Америкэм щатащ.

♦1918 гъэм плъэфищу зэгуэлъ Урысей бэракъыр зэрахъуэкІащ щэкІ плъэжь зэфІэзэщым къыхэщІыкІа, зи къуапэм гъубжэ, уадэ, вагъуэ хэщІыхьа ныпкІэ.

♦1918 гъэм Сихъу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхылъ къыдэкІащ.

♦Курыт Азием щыщ къэрал кулыкъущІэ, дзэзешэ **Тамерлан** къызэралъхуэр илъэс 680-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий** къызэралъхуэр илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къаплъэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Адыгеймрэ УФ-мрэ я цІыхубэ сурэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теувэж** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градуси 9 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Илъэси 110-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ

• Бахъсэн щІыналъэ

Урысейм парламентаризмэр илъэси 110-рэ зэрыщрикъум и щІыхькІэ Бахъсэн щІыналъэм щекІуэкІащ Ислъэмей къуажэм и школ № 4-м и 10-нэ классым щеджэхэм я дерс зэІуха. Ар иригъэкІуэкІащ школым и егъэджакІуэ Къэбардэ Назирэт. Іуэхум къеблэгъащ КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ.

ДЕРСЫР яублащ парламентаризмэм и тхыдэм кІэщІу тепсэлъыхьыныкІэ. Егъэджакіуэр ядэІэпыкъуурэ, ныбжьыщІэхэм ягъэлъэгъуащ Къэрал Думэм и япэ зэхуэсым и тхыдэм тращІыкІа теплъэгъуэ. Еджакіуэхэм загуэшат а зэманым щІа политикэ партхэм я лІыкІуэхэм хуэдэу (консерватор, либерал, социалист жыпІэми). Дэтхэнэми и политикэ Іуэху лъагъукІэр игъэбелджылащ.

Дерс зэІухэм хэтахэм зэрыжаІащи, Урысейм и къэрал гъэпсыкІэм парламентаризмэм щиІэ мыхьэнэр нэсу къыщыбгурыІуэнур хабзэубзыхуэм, Вечем, Боярэ Думэм, Земскэ Соборым я деж щегъэжьауэ иджырей Парламентым щыщІэкІыжу я тхыдэм ущыгъуазэмэщ.

Азычэ Светланэ фІыщІэ яхуищащ Іуэхур къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ икІи КъБР-м и Парламентым и лэжьакІэм зыщыізыгъэгъуэзэну гупыж зыщІхэр иригъэблэгъащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

• Гу зылъытапхъэ

ЯдэІэпыкъун папщІэ

2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къыдигъэкІа приказ №34-м ипкъ иткІэ мэкъумэшыщІэхэм документхэр къыІах гъавэ гъэкІыным и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъун папщІэ.

Документхэр мэлыжьыхьым и 4-м щегъэжьауэ мэлыжьыхьым и 15-м нэсыху къыІахьинущ. ДэІэпыкъунымгъэр зытеухуамрэ ар зэратыну щыкІэмрэ нэхъ зыубгъуауэ щыгъуазэ зыщыфщІыфынущ КъБР-м и Правительствэм и официальнэ порталым КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм щыхуахаха Іыхьэм. Апхуэдэу фыщІэупщІэ хъунущ 8(8662) 40-09-97 телефонымкІэ.

• Налшык

Газыр яІэрохьэ

Кадыровым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 24-нэ унэр инженер коммуникацэхэм пыщІэным ехьэлІа Іуэхур здынэсам щІэупщІэу Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм цІыху куэдым зыкъыхуагъэзащ.

ІЭМЭПСЫМЭХЭМ я зехьэкІам, къэгъэсэбэпыкІэм, техникэ шынагъуэншагъэм пыщІа хабзэхэм псэупІэм щІэтІысхьэнухэр хагъэгъуэзэн зэрыхуейм фэтэрхэм газыр щІэшэныр ипэжыпІэкІэ кІыхьлІыхь ищІат. КъищынэмыщІауэ, газ хьэкухэм къадэкІуэу, пэшхэр зэрагъэхуэбэну прибор псори зэрыщхьэхуэм къыхэкІыу, ахэр зезыхьэну газ Іуэхущ1апІэхэм зэгурыІуэныгъэ иращІылІэну я къалэнт.

Псыр пыщІэным гугъуехь гуэри хэлъакъым. ЩІэтІысхьэхэм ремонтым зэрыщІадзам, сантехникэ Іэмэпсымэхэр зэрахъуэжьым къыхэкІыу, унэ кІуэцІым ар щагъэбыдауэ арат. Приборхэм я зехьэкІам псэупІэр зейхэр хагъэгъуэзащ, гъатхэпэ кІуам и 26 лъандэрэ газыр ирикъу яІэрохьэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1аиІэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Іуэхукіэ умыгъэунэхуар пщІыхуу жумыІэ.

«Адыгэ псалъэр» къевгъэхьынумэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Мэлыжьыхьым и 21 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ накъыгъэм и 1-м щыщІэдзауэ.

МазитІым ди газетым и уасэр сом 279-рэ кІэпІейкІэ 96-рэщ.

Ди индексыр 51531

Мэкъумэш Іэнатіэм и щытыкІэр къыхэтхыкІынми нэгъуэщІхэми ятеухуауэ

(КІэухыр. Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

Зэіущіэм щедэіуащ КЪР-м къэрал кІуэцІ Іэхъухэмкіэ и министерствэм нэгъабэ зэфІигъэкІа Іэхэугъуэ нэхъыщхьэхэм. Іэхъущіапіэм и министр Ромашкин Игорь къыхигъэщащ иІэс псом я къарур нэхъыбэу экстремизм, терроризм щІэпхъаджагъэхэм япэщІэтыным хэузунтІауэ зэрыщытар. Террорист щІэпхъаджагъэу иІэсхэм и кІуэцІым республикэм щатхар 110-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 80-р хабзэм къемызэгъыу Іэщіэкіэ зэщІэуэзда гупхэм, апхуэдэхэм хыхьэхэм епхащ. Ромашкиным жиІащ республикэм щІэпхъаджащІэ 45-рэ зэрыщаукІар (8-р я пашэхэм щыщу), НВФ-м хэт цІыху 50 зэраубыдар. КъищынэмыщІауэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм къагъуэтащ щІэпхъаджащІэ гупым я хэщІапІэу 8, къагъуэ Іэмэпсымэхэр Іэрыщу щащІ лабораторэ цІыкІуу 7, Іэщэ хъумапІэу 28-рэ. Хуит зыщІ дэфтэр ямыІэу зэрахьэ Іэщэу 140-рэ, щэ лІэужьыгъуэу мин 12, къауэ пкъыгъуэхэм щыщу килограмм 24-м нэблагъэ къытрахащ. Мы зэманым щІэпхъаджагъэ ялажьауэ цІыху 15-р ди къэралым, 20-р дуней псом къыщалъхьэуэ.

- 2015 гъэм УФ-м и МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и лэжьакІуэ 295-рэ я Іэнатіэхэм Іуагъэкіащ. Іэхъур къалъэІэсакъым ведомствэм щІэмыт хъумакІуэхэм: Урысей псом процент 40-кІэ щыхагъэщІмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым дэж а бжыгъэр процентэ 3,4-м фІэдзгъэкІакъым, - къыхиригъэщащ Ромашкин Игорь.

Апхуэдэуи абы жиІащ зи гугъу щІ пІалъэм къыриубыдэу, «Дзыхь зыхуэпщІ хъуну телефонымкІэ» щыІэ 538-м зыкъыІэзэрыхуагъэзар. КЪР-м и МВД-м Іэхъутхьбзэ мини 100-м щІиІгу цІыхухэм яхуищІащ, абы щыщу мини 7-р электроннэу.

Полицэм и лэжьыгъэм къыщыхетеувыІэм, министрым жиІащ абыхэм илъэсым и кІуэцІым щІэпхъаджагъэ 8647-рэ зэратхар. «Полицэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ, щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэм я бжыгъэр процент 30-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. КъыхэгъэщІапхъэщ, наркотик зегъэкІуэныкмкІэ ялэжь щІэпхъаджагъэхэм я процент 60-рэ (679-рэ) къыщІэзыгъэщар полицэр зэрыарар. Афиягу къытрахар килограмм 60 мэхъу. КъащІэтмэ, 2015 гъэм къыщІагъэща щІэпхъаджагъэхэр процент зэхэту мини 5-м щІегъу», - жиІащ КЪР-м къэрал кІуэцІ Іэхъухэмкіэ и министрым.

Экономикэ щІэпхъаджагъэхэм хуэдитКІэ зэрыхэхъуар къыхигъэщащ Ромашкин Игорь. Апхуэдэу къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я лэжьакІуэ 47-м ятеухуауэ уголовнэ Іэхъухэр къаІэтащ. Фадэ къыззэрыщІагъэкІым ехьэлІа щІэпхъаджагъэ 600 къыщІагъэщащ, апхуэдэ цехыу 37-рэ зэхуагъэщІыжащ. Гъэпщкіуауэ ахъшэкІэ щыщжэгу унэ 53-рэ зэхуащІащ, щІыху 14 жэуапым ирашэлІащ.

Министрым къыхигъэщащ щІэпхъаджагъэ зыпэжьхьаэм я процент 80-р, зэрыхабзэу, хэхъуэ зимыІэ, Іэнатіэ Іумыт щІыхуэ зэрыарар. «Къэралым и экономикэр зэрыт щытыкІэм кьишэ гугъуехьэм щІыхуэ хэпсэукІыфыркъым, абы и зэранкІэ къэхъу щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм процент 30-кІэ хэхъуащ», - дыщІигъуащ министрым.

ГИБДД-м и лэжьыгъэм и гугъу щищІым, къэпсэлъам къыхигъэщащ Налшык къалэ и уэрам зыбжанэм зы лъэныкъуэкІэ фІэкІа машинэхэр иримыкІуэу зэращІам фІы пэщІыжауэ зэрыщытыр. «Іэщэ нэхъ хьэлъэхэм я гугъу пщІымэ, автомат, топгъауэ хуэдэхэр, къалъхьхъуэжхэм ящыщщ. Сэ сызэрепІуамкІэ, ахэр Совет Союзыр лъэпІэжа нэужь къэнахэращ, Куржы, Азербайджан, Тырку лъэныкъуэхэмкІэ Іэмал гуэрхэмкІэ къикІауэ», - жиІащ министрым.

КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Іи и къуэдзэ Жанатаев Сэлим министрым елъэІуащ полицэ плъырыпІэ щхьэхуэхэм - Малкэ, Урыху къуажэхэм деж тетхэм - я лэжьыгъэр зытеухуа дыдэр къагурагъэІуэну, сыту жыпІэмэ цІыхухэр мызэмытІэу тхьэусыхащ, а плъырыпІэхэм тетхэм я лэжьакІэр хабзэм къемызэгъыу къалъытэу. Ромашкин Игорь абы теухуауэ жиІащ зи гугъу ящІ плъырыпІэхэр Волгоград щыщІыхьауэ щыта теракт ... и ужьыІэ зэрагъэувар икІи ахэр КИФЩІ-м и гъунапкъэхэр зыгъэбыдэ и плъырыпІэхэм зэращыщІыр. «Абыхэм я къалэныр щрахьэкІ нэгъуэщІ щыналъхэм щыщхэми. ПлъырыпІэхэр зи нэІ щІэтыр Ханкала пІалъэкІэ щыІэ оперативнэ гупым и штабырщ», - жиІащ Ромашкиным.

КЪР-м къэрал кІуэцІ Іэхъухэмкіэ и министрым иджыри уплІэ зыбжанэм жэуап ярита нэужь, КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ жиІащ республикэм и хабзэхъумэ органхэм лэжьыгъэшхэр зэрырагъэкІыжкІар. «Си гугъэмкІэ, ди къару зэхэлъу терроризм пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр едгъэкІуэкІмэ, зыхуэдгъэувыж къалэнхэр псори къыдэхъуІэнущ», - къыхихьэщащ абы.

Зэіущіам я лажьыгъэм теухуауэ къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхухэм я хуитынигъэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис. Абы зэрыжиІамкІэ, 2015 гъэм цІыху миным нэблагъэ Іэхъущіапіэм кьахуекІуэлІащ, ауэ ар адрей илъэсхэм епльытмэ, фІыуэ нэхъ мащІэщ. «Зыкъытхуэзыгъэзахэм сыт и лъэныкъэкІи дэІэпыкъуэгъу дахуэхъуащ, чэнджащхэр еттащ. Нэхъ ипэхэми хуэдэу, цІыхухэр егъэтхьэусыхэ щІыпІэ властым и органхэм щылажьэхэм я Іэхъу бгъэдыхьэкІэм, егъэзугаиз коммуналынэ Іэхъутхьэбзэхэмрэ ерыскъыІэхкІэмрэ я уасэм зэрыхэхъуэм», - къыхигъэщащ Зумакуловым.

КЪР-м Къэзыщыпэ-къэзыбж и палатэм 2015 гъэм зэфІигъэкІам тепсэлъыхьащ Іэхъущіапіэм и унафэщІ Марьяш Ириндэ. КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ зэІущІам хэта псоми фІыщІэ яхуищІащ, лажьыгъэ купщІафІэ зэрырагъэкІуэжкІам папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Ромашкин Игорь

Марьяш Ириндэ

Мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

УЗЫНШАГЪЭ

Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо Іэхъущіапіэм 1948 гъэм къыхилъхьауэ гъэ къэс мэлыжьыхьым и 7-м мы махуэр игъэлъапІэ.

Абы пІэндэрэ къэрали 194-рэ хьихьащ Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо Іэхъущіапіэм. Мы махуэм ирихьэлІэу дуней псом илъэс къэс къыщызэрагъэпэщ зэІущІэхэр трахуэ узыншагъэр хъумэным пылъ Іуэху зэІуныбзэхэм. КъыщыхэмыщІауэ, зэхьхьэхэр ирагъэкІуэкІ узыншагъэм егуГуэн щІыхуейр цІыхухэм гурагъэІуэн папщІэ.

Іэщіагъэм къыхуигъэщіа



Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, категорие нэхьыщхьэ зиІэ Бырхьэм Анатолэ илъэс 58-рэ хьуауэ и Іэщіагъэм хэпэжу мэлажьэ. А зэманым къурибыдэу, шэч хэмылъу, ар цІыху куэдым сэбэп яхуэхъуащ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яІэу гъащІэм хигъэпІэжащ. Бырхьэмыр зыщІыхьуэм зэрыжаІэмкІэ, къэхъуакъым абы Іэхъукіэ бгъэдыхьэ щигъэщІэхъуа: зэрыхуэзфІэкІкІэ дэтхэнэми доІэпыкъу, нэхъыщхьэращи, дохутырым хэлъын хуей хьэльфІ псори абы дыболъагъу.

- Хущхъуэм и мыхьэнэм нэхърэ нэхъ мащІэкъым сымаджэм дежкІэ дохутырым и псалъэхэм я къарур, - жеІэ Бырхьэм Анатолэ. - Сымаджэм фІэщхъуныгъэ хэплъхьэфмэ, ар уи кьалэным щыщ Іыхьэщхъуэ бгъэзащІауэ аращ. Ущыи къыгъэдыхьэ цІыхур тэмакъкІэщІ, гурыщхъуэщ мэхъу, абы къыхэкІыу Іэмал имыІэу щабэу епсолъэн, бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къыхуэсІэгъуэтын хуейщ. Іэзагъым щхьэкІуэу, дохутырым Іэмал имыІэу шыІэ хэлъыпхъэщ.

Бырхьэмыр зэрысабийрэ щІэхъуэпсыр дохутыр Іэщіагъэм икІи, и насып къырихьэкІри, и мурадыр зригъэхъулІащ. ЕджапІэ нэхъыщхьэм щыщІэсам, лекцэхэм къыщищІым нэмыщІкІи, къыхиха Іэщіагъэм и щхэхэр зригъэщІэн мурадкІэ, тхьэмахуэ махуэхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым щылажьэрт. Иужькіи а хьэльфІыр Іэщіыб ищІакъым, сытым дежи и Іэщіагъэм теухуауэ щІэ гуэрхэр къызэрищІэным хуэпабгъэу апхуэдэщ.

- Дохутырым зэпІуу имыІэу и щІэныгъэм хигъэхъуэн хуейщ, - жеІэ Анатолэ. - Медицинэр и пІэ иткъым, абы къыззэрымыкІуэу зеужьри, еэым и Іэщіагъэм ехпаэу щІэуэ сыт дунейм къыщыхъуми щыгъуэзэн хуейщ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэр къыуха нэужь, Бырхьэмым Налшык дэт медицинэ Іэхъущіапіэхэм ящыщ шым къэнэну Іэмал иІащ, арщхьэкІэ Исльэмей къуажэм дэт сымаджэщыр къыщыхуагъэпЪагъуэм, абы дохутыр нэхъыщхьэу лажьэн щыщІидзащ. Лажьыгъэм пэрыуварщІэмми, гугъуехым кьригъэкІуэтакъым, и зэфІэкІыр абдежым къыщызыкъуихащ, пІалъэ кІэщІым къриубыдэу абы и щытхъур жьлэм щыІуащ.

Илъэсрэ ныкъуэкІэ абы щылэжьауэ, медицинэ къэрал университетым и клиникэ сымаджэщ №1-м торакальнэ хирургиемкІэ и къудамэм си Іэзагъэм щыхэзгъэхуащ. Абы щызгъэкІуа зэманыр икъукІэ сэбэп къыхуэхъуащ дохутыр Іэщіагъэм и щэху куэд къэсщІэныжмкІэ. КъащІэтмэ, Іэщіагъэ тынш щыІэкъым. Уегугъэмэ, дэтхэнэ зы Іуэхуми уеХьулІэнущ. Пэжщ, медицинэм уХэзгъэнЪу щІэныгъэм и закъуэкІэ зэфІэкІыр-къым: набдзэгубдзаплъэу, щыІэныгъэшхуэ пхэлъу сымаджэхэм я гукъеуэгъ, тхьэусыхафэхэр, гурыгъу-гурыщІэхэр зыхэпщІэфуущытын хуейщ. Адрей Іэщіагъэхэм щыуагъэ гуэрхэр щыпІэщІэкІ хъуми, медицинэм ар къыщІэзгъыркъым, сыт щыхэкІэ жыпІэмэ, цІыхум докутырым нэхъ лъапІэ дыдэу иІэр дзыхь хуещІри.

Кушбокъуэм щІэныгъэм и нэ кІэзэрыхуикІым и щыхьэтщ, аспирантурэм зэрыщІэтІысхьэжар. Лажьэнри еджэнри здэпхьыныр тынш къым, ауэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ІэщіагъэлІ нэс хъуну щІэхъуп Залымхъан гуГуеуэкым къыгъэдзыхэркъым. Абыкіэ абы щапхъэ хуохъу аспирантурэм зи нэІэ щІэту щеджэ, медицинэ щІэныгъэм я доктор, госпитальэ хирургиемкІэ кафедрэм и профессор Аслъэн АХьмэд.

- Аслъэн АХьмэд щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлі Іэзэщ, - жеІэ Кушбокъуэм. - Ар и лажьыгъэм зэрыпэрытыр, и къалэнхэр зэрирагъэзащІэр си нэгу щІокІри, сымыгъэщІэгъуэн слъэкІыркъым. Абы хуэдэхэрщ дохутыр Іэщіагъэм къыхуигъэщІауэ жыхуаІэр. Си сэ насып къикІауэ къызолъытэ, абы и жьауэм сыщІэту Іэщіагъэм сыхэгъуэзэну Іэмал зэрызиІэмкІэ. Хуабжьу си нэ къыхуокІ цІыхухэр гъэхъужьныр щІэныгъэ лэжьыгъэмэ зэдэсхьыбу сылэжьэну.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.

Я лэжьыгъэм ироплъэж

● Профсоюзхэр

«КЪБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и советым и етІуанэ зэІущІэ екІуэкІащ. Абы щриплъэжащ 2015 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуэхэм, къапэщыт къыдэлыщІэхэри щаубзыхуащ. Нэхъыщхьэу къызытеувыІахэм ящыщщ профсоюз ахъшэу ятынур зыхуэдизынум игуэутыну зэхъуэкІыныгъэр. Профсоюзхэм я щэнхабзэ уардэунэр КЪБР-м и «Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым егъэбыдылІэныр.

ЗэФІАГЪЭКІАХЭМ, я мурадхэмрэ гулъытэ зыхуэщІапхъэ къащтам нэхъыщхьэхэмрэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщыкъуэ Фатімэт**.

- КЪБР-м и профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и нэІэ тригъэтщ цІыху лэжьакІуэм и хуитынигъэхэр зыхъумэ хабзэхэр, актхэр егъэфІэкІуэным. Я нэхъыбэм профсоюзхэм кьыхалъхьэхэр кьащтащ. Профсоюзхэм гулъытэ хэха хуащІ щІалэгъуаІэм ядэлэжьащ. Ахэр дгъэзекІуащ дунейпсо, федеральнэ семинархэм, зэхьыхьэхэм икІи фІыщІэ, щІыхь тхьилъхэр къыщыхуагъэфэщащ, - жиІащ Амщыкъуэм.

Унафэщым къыззэрыкъэщамкІэ, пэщІэдзэ профсоюз организацэхэм хэтхэм я бжыгъэр 114797-рэ мэхъу. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм, Іэщіагъэ щызэрагъэгъуэт еджапІэхэм я студент 19977-м щыщу 18216-р профсоюзым хэтщ. Псори зэхэту иджыкІэ КЪБР-м и ООП-м и учётым щытщ цІыху 133541-рэ, мылажьэ пенсионер 528-рэ яхьихьу.

Илъэсым къриубыдэу профсоюзхэм хэтхэр цІыху мини 5-м щІигъкІэ нэхъ мащІэ хъуащ, щІэуэ кьыхьхьащ 6219-рэ, пэщІэдзэ организацэ 32-рэ къызэрагъэпэщащ. А Іуэхур нэхъ щегъэфІэкІуапхъэщ егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэхэм икІи республикэ комитетхэм, пэщІэдзэ организацэхэм я унафэщІхэр абыхэм нэхъ щэщІауэ ядэлэжьэным, цІыхухэм ядэІэпыкъуным я къару псори хузэщІагъэуІуэн хуейщ.

- Профсоюзхэм сыт хуэдэ Іуэхури зытращыхьыхьэхэр экономикэм и щытыкІэрщ: иужьрей илъэси 7-м Урысейм и экономикэр зыхэпсІэщІэу екІэкІуащ, зэрыщытыр къэралым улахуэр нэхъ мащІэ хъуащ процентэ 9,5-кІэ, ахъшэ хэхъуэр - процентэ 4-кІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ 2015 гъэм зи экономикэр зэпІэзэрыту щыта щыналъхэхэм. КъащІэтмэ, курыт лэжьапІэр сом 20562-м нэсащ, 2014 гъэм елъытауэ процентэ 3-кІэ хэхъуэри. Ауэ абы укъытеувыІэ хъунукъым, - жиІащ Амщыкъуэ Фатімэт. Абы кьыхигъэщащ цІыхухэм я лажьыгъэ Іэнатіэр, я улахуэр хъумэным и хэкІыпІэхэр къэгъуэтным мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи абы ерыщу хущІэкъун зэрыхуейр, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ФНПР-м и IX съездым ар профсоюзхэм я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщыкІар.

Мы гъэм фокІадэм и 18-м хахынчуЩ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм щылэжьэну депутатхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхахьынущ щыІэпІэ советхэм я депутатхэр. Профсоюзхэр хущІэкъунущ а къалэныр зыхуэфащэхэм къалъысыным, сыту жыпІэмэ лэжьакІуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къащъхьащыжынур ахэращи.

Амщыкъуэ ФатІимэт профсоюзхэм хэтхэр къыхуриджащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм теухуа Іуэхуэм иджы щыщІэдзауэ зыхуагъэхъэзырыну.

КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** диЫыгащ профсоюзхэр хэхьныгъэхэм жыджэру хэтыну зэрыжаІэр. Абы къыхигъэщхьэкІащ дзыхь зыхуащІу къэгъэльагъуэхэм гуащІэрыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкІыну зэрыщІыгуГыр.

ЗэІущІэм хэтащ КЪР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэныр пІэлъкІ Іэхъухэмкіэ и управленэм и унафэщІ **КІуращын Анзор**.

УАРДЭ Женя.

Вэрокъуэ Владимир зи чэзу саугъэтыр къыполъэ

«Налшык» ОРТК-м (НОТР) и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир хагъэхьащ «Ильэсым и унафэщІ нэхъыфІ» щІыхь зыпІэ урысейпсо саугъэтыр зратыну ящІэрагъуэхэм.

Урысейм Хьэрычэтыщіэ Іэхъухэм зегъэужьыныкмкІэ и фондым а саугъэтыр кьихильхьащ УФ-м и Къэрал Думэм, Федерацэмкіэ Советым, Къэзыбж палатэм, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, Урысей, Белоруссие къэралхэм я Зэгъэхьэныгъэм и Министерствэхэм я Советым, щыналъэ банкхэм я Ассоциацэм я жэрдэмкІэ. Урысейм и унафэщІ нэхъыфІхэр ягъэпэжж я лэжьыгъэм и пщІэр къалъытэн, я зэфІэкІхэр, Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр хэІущІыІу ящыкІ папщІэ.

«Налшык» ОРТК (НОТР) Іэхъущіапіэмрэ абы и унафэщІымрэ къагъэлъэгъауэ «Выбор России» фІагъэмІкІэ лъэпкъ дамыгъэр зратыну хуэхъ ящыщу. Ар ягъэгъэфащэ зыпэрыт Іэхъущіапіэм зеГъэужьыным хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІа унафэщІхэм. Саугъэтыр ратрамэ, Вэрокъуэ Владимир хагъэхьэнущ унафэщІ кадрхэм я федеральнэ реестрым. Дамыгъэхэр зыхуагъэфэщаХэм Москва къыщратыжынущ.

БЖЬЫХЬЭІІ Роза.

Хабзэхэр зэрагъэзащІэм топсэлъыхь

● КЪБР-м и прокуратурэм

КЪР-м и прокурорым и апэ къуэдзэ Жекеев Алик мыхьэнэ хэха зиІэ ІэхъуГуищ щызэпкъраха семинар еджэнгъэ гъатхэпэм и 31-м иригъэкІуакІащ. Апхуэдэу:

- «Экстремист тхыгъэхэр Интернет сетхэм щызэбграмыгъэхьи щхьэкІэ, экстремизм хьэгъэщагъэхэм япэщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэм прокурор кІэлъыплъынигъэр кьызэрыщызэрагъэпэщыр»;

- «ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэхъущіапіэхэм зэрадэлажьэр»;

- «ПсэупІэ-коммуналынэ Іэнатіэхэм законодательствэр зэрыщагъэзащІэм прокурор кІэлъыплъынигъэр щызэрыщызэрагъэпэщыр».

Семинарым и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и прокуратурэм и аппаратым и къудамэхэм я унафэщІхэр, къалэхэм, районхэм я прокурорхэр, къалэ, район прокурорхэм я дэІэпыкъуэгъу нэхъыжьхэу, я дэІэпыкъуэгъуэху зи гугъу тщІы кІэлъыплъыныгъэхэр езыгъэкІуэхэр, ФСБ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм следствэмкІэ и къудамэм, Урысейм Следствэмкіэ и комитетым и щІыналъэ Іэхъущіапіэм я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Мурад дахэхэр зи плъапІэ

Кушбокъуэ Залымхъан ныбжькІэ щІалэми, зэфІэкІ хъарзынэхэр къэзыгъэлъагъуэ Іэщіагъэліщ. ЦІыхур зыгъэщхьэжагъуэ узыр щхьэщыпхыфыныр насыпу кьэзылъытэ щІалэ цІыкІум докутыр Іэщіагъэр и гум щигъафэрт. Абы фІы дыдэу къыгурыІуэрт а хъуэпсапІэр тыншу зэрыпхуэзмыгъэхьулІэнур, ауэ ерыщу Іуэхум и ужь ихьэри, и зэфІэкІ псори хуиунэтІащ ар нахуапІэ зэрищІынымк.

- Ди благъэ-Іыхьлъхэм докутыр Іэщіагъэм хуеджа зыри яхэткъым, - жеІэ Залымхъан. - Іэщіагъэр сэ езым сфІэфІу къыхэсхащ икІи сихущІегъуэжыркъым. Зи узыншагъэмкІэ гуныкъуэгъуэ зиІэ цІыхум сэбэп ухуэхъунын нэхьыфІ сыт щыІэ?!

Налшык къалэ дэт курыт школ №5-р фІы дыдэу къыиха нэужь, Кушбокъуэ щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым. Абы иужькІэ ординатурэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуэжри, Налшык и къалэ сымаджэщ №91-м лэжьэн щыщІидзащ.

- Медицинэр щІэныгъэ куущ, абы къыхэкІыри сытым дежи уеджэн хуейщ, - къыддогуашэ и гупсысэхэмкІэ Залымхъан. - ЩІэныгъэм и мыхьэнэр къызгурыІуэІа, курыт школ №5-м, университетым я егъэджакІуэхэм сахуэзарэзыщ. Абыхэм сытым дежи къыджаІэрт щІэныгъэ зышъэдзэлъыр сыт хуэдэ зэманми зэрыхэпсэукІыфынур. Быхьэсха Іэщіагъэр зыхуэдэр къэсщІэнымкІэ сэбэпышхуэ я быхьэсхуэхуащ сыщыстудент зэманым сымаджэщхэм сызэрыщыІэжьар. Абы щыгъуэм зи лэжьыгъэм сыкІэлъыплъа дохутырхэм щІэныгъэшхуэ зэрабгъэдэлъыр наІуэ сщыхъуати, сэри си зэфІэкІым зэрыхэзгъэхъуэным ящхьэ ситащ: Москва Сеченовым и цІэр зезыхьэ и Апэ медицинэ къэрал университетым и клиникэ сымаджэщ №1-м торакальнэ хирургиемкІэ и къудамэм си Іэзагъэм щыхэзгъэхуащ. Абы щызгъэкІуа зэманыр икъукІэ сэбэп къыхуэхъуащ дохутыр Іэщіагъэм и щэху куэд къэсщІэнымкІэ. КъащІэтмэ, Іэщіагъэ тынш щыІэкъым. Уегугъэмэ, дэтхэнэ зы Іуэхуми уеХьулІэнущ. Пэжщ, медицинэм уХэзгъэнЪу щІэныгъэм и закъуэкІэ зэфІэкІыр-къым: набдзэгубдзаплъэу, щыІэныгъэшхуэ пхэлъу сымаджэхэм я гукъеуэгъ, тхьэусыхафэхэр, гурыгъу-гурыщІэхэр зыхэпщІэфуущытын хуейщ. Адрей Іэщіагъэхэм щыуагъэ гуэрхэр щыпІэщІэкІ хъуми, медицинэм ар къыщІэзгъыркъым, сыт щыхэкІэ жыпІэмэ, цІыхум докутырым нэхъ лъапІэ дыдэу иІэр дзыхь хуещІри.

Кушбокъуэм щІэныгъэм и нэ кІэзэрыхуикІым и щыхьэтщ, аспирантурэм зэрыщІэтІысхьэжар. Лажьэнри еджэнри здэпхьыныр тынш къым, ауэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлі нэс хъуну щІэхъуп Залымхъан гуГуеуэкым къыгъэдзыхэркъым. Абыкіэ абы щапхъэ хуохъу аспирантурэм зи нэІэ щІэту щеджэ, медицинэ щІэныгъэм я доктор, госпитальэ хирургиемкІэ кафедрэм и профессор Аслъэн АХьмэд.

- Аслъэн АХьмэд щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Іэщіагъэлі Іэзэщ, - жеІэ Кушбокъуэм. - Ар и лажьыгъэм зэрыпэрытыр, и къалэнхэр зэрирагъэзащІэр си нэгу щІокІри, сымыгъэщІэгъуэн слъэкІыркъым. Абы хуэдэхэрщ дохутыр Іэщіагъэм къыхуигъэщІауэ жыхуаІэр. Си сэ насып къикІауэ къызолъытэ, абы и жьауэм сыщІэту Іэщіагъэм сыхэгъуэзэну Іэмал зэрызиІэмкІэ. Хуабжьу си нэ къыхуокІ цІыхухэр гъэхъужьныр щІэныгъэ лэжьыгъэмэ зэдэсхьыбу сылэжьэну.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Абы дегъэпІейтей

Сыт щІэн хуейр?

Урысейр зэрыщытар, зэрыщытыр, зэрыщытыну дызыщІэхъуэпсыр

Урысейр Іыхьэ-Іыхьэуэрэ ягуэшынкІэ, хамэ унафэ къыщІэхутэнкІэ зэрыхъунур фІы дыдэу къыгурыІуэрти, зэгугъ Пётр Езанэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр иригъэкІуэкІащ.

«Къэралыр - ар сэращ»

Іэмал гущІэгъуншэхэр кьиГъэсэбэпурэ, абы аизр псынщІэ дыдэу зэфІигъэкІащ. Пащтыхьым къыгурыІуэрт реформэхэр зыгъэкІуэтэн къару уиІэн зэрыхуейр. Къэралым и экономикэр къэзыІэтыну цІыхухэр зэкъуэтыпхьэт. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, а зэманым Урысейм металлургии, промышленность хьэпІи, псынщІи иІэтэкъым. Абы къыхэкІыу зауэ хуэІухуэщІэхэм хуеджэ Іэщ1эгъэлІэхэр зыхэт дзэ зэхэщэн, кхъухьэхэр щІын, артиллерие зэгъэпэщын хуейт. А псоми я лъабжьэу щытынур экономикэрт. Іуащ, гъуэлпІэ рудаизр къыщІахыну, топхэр, фочхэр, лъэрыгухэр ящІыну, технологиехэр къагъуэтыну къапэщыт. Лэжьакіуэхэр къешалІапхъэт (абы къыхэкІыу Уралым щыІэ заводхэм ягъакІэрт къуажэ гъунэгъу дыдэхэм щыщ мэкъумэщыщІэхэр). Транспорт, псэуплІэхэр, гъэсыныпхъэхэр я1эн хуейт. Ар и щхьэусыгъуэу хьэрычэтыщІэ Демидовым хуэдэхэм якъуэувэрт зи Іэщ1агъэкІи, зэфІэкІкІи, къэухькІи зэхуэмыдэ лэжьакіуэхэр. Гъэгугъэр яухуэрт, гуэхэр ящІырт, чырбышхэр заводхэм щагъажьэрт. Ахэр зи Іэдакъэщ1экІхэр дунейм ехьжмэ, къыщІэхъуэ щІэблэмэи къэралми къахуэнэрт фабрикхэмрэ заводхэмрэ, гъэгугъэр, технологиехэр. Къанэрт ауэуа унэ дэгъуэхэр, кьалэхэр.

Демидовхэр, Рябушинскхэр, Морозовхэр... Ахэр зи хэкур фІыуэ зыльагъу цІыхухэрт. Я гупсысэр къэралым и сэбэп зыхэлъхэм теухуат. Ауэ пащтыхьыр псом нэхърэ нэхъ хэкупсэт. «Къэралыр - ар сэращ»,- жиІэрт абы. Пётр Езанэм и псэр зыхэлъри, и гъащІэр зытриухуари Урысейрт. Абы езым и лъэщагъыр къызыхэкІыр кьэралым и кьарурт.

Зэрапхъуэу щІэпхъуэжын

Иджы къэдгъэзэжынти узыгъэнэщхьей ди лъэхъэнэ гугъусыгъум. Ди кьулеижьхэм яужьклэ сыт къэнэнур? КъыщІафыкІынур къыщІафыкІыу хыфІадзэжа щІыпІэ гъуанэпщІанэхэрщ, нэгъуэщІ къэралхэм яІэн папщІэ ираупщІыкІыурэ хьэлэч ящІа ди мэз Іувэхэщ.

УпщІэ: хэт хъуну иджырей урысей олигарххэр? **Жэуапыр**: блэкІа лІэщІыгъуэхэм псэуа пащтыхьхэр лъэпкъ экономикхэр щыщІэ зэманым псоуамэ, дэ глобализацэм и лъэхъэнэм дыщолсэу. Дуней псор зы рынок закъуэу зэтеухуащ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, Къуэлэпі Европэм технологие лъагэхэр ещІ, Китаймкъарет пуду ягъэлэжьэну щІыухэр, Урысейр яхэту къэрыпІ къэралхэм щІыдагъэрэ гаскІэ кьиззрагъэпэщ. Абыхэм кьадэкІуэу Урысейм пхъэхэри, хьэжбабжафэхэри ираш. Аращ ди къэралым игъэзащІэ кьалэныр. Экономикэ и лъэныкъуэкІэ ар нэхъ зызыужьа къэралхэм я бжьым щІэтщ.

Апхуэдэ дунейм мелардырбжкэхэм зыщыщ лъэпкъи къэрали щалэкъым. Абыхэм я гупсысэр зыхуэгъэзэар зыщ: дэнэ щІыналъи мылъку щащІын къудейрщ.

Ауэ Германиер, Франджыр, Швециер, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр зызыужьа къэралхэу, абыхэм Урысейр ґъасынпхъэ ишыпІэу фІэкІа кьиззрамыльытэм къыхэкІыу мылъкушхуэ зыІэщІолъхэр кІуэркъэкІуэжу мэлажьэ. Компаниехэм я Іэтащхьэхэр махуэкуклэрэ Италием, Франджым е нэгъуэщІ щІыналъхэм мэльатэ ди къэралыр къагъанэри: абыхэм тхъэжу щопсэу я унагъуэхэм хэку иІэкъым. Ди олигарххэм я деижІэ Урысейр езыхэр зэрыщхьхІ хьэжхуэфэ кьудейщ. Аращ абыхэм мыбы гъэзугъэр, кьалэ дахэхэр щаухуэну щІыхуэмейр. Промышленность хьэлъэ псынщІи хуэныкъуэкъым. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм хьэрычэтыщІэ цІыхум езым и гъащІэри и унагъуэри Урысейм ирипхырт. Ар мы къэралым щыпсэурт икІи хуейт и хэкур дахэу, ефІакІуэу, лъэщу щытыну. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ар абы и унэт, и псэуныгъэр зэгъэщІыпІат. АтІэ псы кьабзабзэм ухэс щыхъунукІэ, хэт шэдым хэсыну хуеинур? Арати, сымаджэщхэр яухуэрт, школхэм, университетхэм ахъшэ хухахырт, сурэтыщІ цІырыІуэ дыдэхэм я Іэдакъэщ1экІхэр къащІэхурти, музейхэр кьызэІуахырт.

НэгъуэщІу жьпІэмэ, мылъку ящІми, ар я щхьэ закъуэкІэ къагъэсэбэпыртэкъым. Ахэр къэралым и цІыхухэт. Ауэ иджырей олигарххэм я деижІэ Италием уардзуну е Шотландием чэщанэ кьыщащхэхуну нэхъ тыншщ апхуэдэхэр мыбы щаухуэным нэхърэ. Я бынхэр Швейцариеи е Инджылызым и школхэм иратынур нэхъ псынщІэу зэфІокІ апхуэдэ еджапІэ мыбы щаухуэным е зэрыщыту егъэджэнырэ Іэнатіэр ирагъэфІакІуэным нэхърэ. Ахэр зыхущІэкъур зы закъуэщ - Іэмал зэриІэкІэ нэхъ псынщІэу ахъшэ нэхъыбэ зыІэрагъэхьэу а ахъшэр нэгъуэщІ къэрал ягъэкІуэныщ.

Икіи Урысейм политико-экономикэ реформэ щрамыгъэкІуэкІмэ, Іуэхур дяпэкІи апхуэдэу щытынущ. Абы кьыхэкІыу Урысейм ущылэжьэныр фейдэ хэкІыпІэу гъэувын, судхэр зэІуха дыдэу лэжьэн, хабзэр псоми я деижІэ зыІуэ щытын хуейщ. Урысей экономикэм халъхьэ инвестицхэм ильэситхукІэ нэхъ мыхъуми налогхэр щхьэщахэпхъэщ. НэгъуэщІ къэралхэм ирагъашэхэм налогышхуэ тралъхьэн хуейщ, абыхэм ди деж ущелажьыныр нэхъ фейдэ зыпылъу ягъэувын мурадкІэ.

ВЕЛЛЕР Михаил,
тхакІуэ, философ.
«Аргументы и факты»

Махуэ къэс километри 3-4-кІэ макІуэ, къыщыкІуэжкІи апхуэдиз зэпач. Къуэждэс сабий куэдым я гъуэгуанэр, къыззрэнэкІын хуей мэхъу мэзым пхрыкІыу е шоссе Іуфэм Іуту...

Кхъуэпіащэр уи гъусэу

Арщхьэкіэ щыпіэ къулыкъущІэхэм абы гугъуехь халъагъуэркъым. Сліожь абы гъэщІэгъуэну хэлъыр? Кьуажэхэм цІыхухэр сыт щыгъуи лъэсу щІэзекІуэу щытащ. Сабийхэм кьащхьэщыжьын хуей мэхъу прокурорхэр.

Брянск областым и хабзэхъумэхэм Климовск районым и унафэщІхэр ирахуІащ Сушаны къуажэм дэс сабийхэр школым автобускІэ яшэну. Тэтэрым и Зеленодольскэ районым щыІэ Городище къуажэм и сабийхэм ехьэлІа Іуэхум мы зэманым хоплъэ республикэм и Конституцэ судыр. Ялп классым щеджэхэзу Лилиерэ Азалиерэ, апхуэдэу еплІанэ классым щІэс Тимур махуэ къэс гъуэгум зы сыхьэтрэ ныкъуэрэ трагъэкІуадэ. «Гъуэгур губгъуэм пхокІ. Абы щыщажьых бажэхэм, къэзэпІащэхэм, хьэ хьэулейхэм. Дэ, балигъхэм, а щІыпІэм дымыкІуэмэ нэхъ къыдощтэ, - жеІэ илъэси 8 зи ныбжь Лилие и анэ Сюськинэ Наталье. - Дэ тпэгъунэгъущ Нурлаты къуажэр. Абы школ автобус макІуэ. Ар ди деж кьыдекІы хьунукъэ?» Арщхьэкіэ щІыпІэ къулыкъущІэхэм кьыхуагъэпІагъуэ еджакІуэхэр Нурлаты дэт Сабий унэм иратыну. «Ар делагъэкъэ?» - зэгуоп Наталье. А Зеленодольскэ район дыдэм нэгъуэщІ кьуажищым я сабийхэми махуэ къэс школым нэсын папщІэ километри 4-6 щІэзэпачын хуей мэхъу.

Къагъэгугъ, ауэ къагъэпцІэж

Ставрополь крайм хъыкъэ Круглолесское кьуажэм и школ №5-м автобус иІэщ, ауэ жьы хъуащи, къахуэгъэсэбэпыркъым. Цыкіухэр гъуэгум зы сыхьэт хэдизкІэ тетщ, мэзми пхырыкІын хуей мэхъу. Апхуэдэ дыдэу гугъу йохь Барнаул пэмыжьжьэ Мохнатушкэ кьуажэм и сабийхэри.

УФ-м и щІынальэхэм щыщ кьулыкъущІэхэм мы гъэм школ 427-рэ, 2017 гъэм - 297-рэ, кьыкІэлыкІуэм – аргуэру 220-рэ зэхуащІыжьыну е зэрахъэжьыну я мурадщ. Дэнэ щІыпІи адэ-анэхэр кьыщагъэгугъэу кьыщІэкІынущ сабийхэр еджапІэхэм автобусхэмкІэ яшэну. Ауэ яхуэгъэзэщІэфыну а кьиззрагъэгугъэхэр? Школ автобусхэм хуагъэувэхэр ягъэткІиящ: ГЛОНАСС Іэмэпсымэхэр ярытын, тІысыпІэхэм зэрызыкІэралъхэну бгырыпххэр ярытын, нэгъуэщІ-кІынэмыщІхэр яІэн хуейщ. Абы кьыхэкІыу сом мелуан зыбжанэ я уасэнущ. Апхуэдэу гъуэгухэри кьэувыІэпІэхэмкІэ кьызэрамыгъэпэщу хъунукъым.

«Дидеж школыр гъэмахуэ блэкІам щызэхуащІыжащи, сабийхэр ди гъунэгъу кьуажэм яшэ, - жеІэ Вологдэ областым хыхьэ Устюж районым щыІэ «Верный» колхозым и Іэтащхьэ Ворошилов Владимир. - Арщхьэкіэ автобус псори тІорысэ дыдэщ. Дэнэ щІэхэр къызэращэхуну ахъшэ кьыздрахынур? Арыншами, муниципалитетым еджапІэхэм ярит щІагъуэ щыІэкъым. Кьуажэ школхэм я унафэщІхэр мэлъаІуэри дэтщ: щыпІэ Іэхуащ1апІэхэм зыхуагъаззэ».

Тельыджэщ, ауэ бюджет ахъшэм кьыдагъэхуэн мурадкІэ сабий нэхъ мащІэ зэкІуалІэ школхэр зэхуащыжьыну зэхаубла Іуэхум кьишар нэгъуэщІщ: Кьэзыбжь палатэм кьызэриТамкІэ, кьэралым и щІынальэ 36-м егъэджэныгъэ Іэнатіэм щытрагъэкІуадэхэм ехъуащ! Кьуажэ школыр гъэлэжьэным сом мелуани 5 хуэдизкІуадэ. Автобус кьащІэхун, гъуэгуэхэр яухуэн (арыншамэ, ГИБДД-м уэзриГъэкІуэнукъым), шофёр кьащІэн, бензин ирагъэхъуэн папщІэ кьэдкІэ нэхъыбэ ухуейщ. Школыр зэхуащІыжа иужь сабий зиІэ унагъуэхэр зэрыІэпхъуэри а псоми ящІыбгъужмэ, хэщІэхэр нэхъыбжьу кьыщІедэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ зэгуэзыгъэпІыр щІыпІэ кьулыкъущІэхэм автомобиль лъапІэхэр кьызэращэхурщ, абы щыгъуэми езыхэм я сабийхэм лъэсу кьакІухьын хуей зэрыхъурщ.

БОРТЭ Юлие.
«Аргументы и факты»

● Литва

Ирагъэблэгъэн ягъуэтыркъым

***Совет лъэхъэнэм Палангэ къалэм зыщыбгъэпсэхуну фІыт, уеблэмэ, щІымахуэми. «Ди гъунэгъу унэм щопсэу езы Будрайтис! Дауэ къыпщыхъурэ? Дыгъуасэ тенджызы Іуфэм щытлъэгъуащ Плисецкая Майе. «Маяк» ресторанымТихонов Вячеслав щІэсащ псоми я гъусэу шей ефэу!»**

Иджы-щэ? Шэджагъуэм тенджызЫ Іуфэм сокІуэ. Зы цІыху пльагъуркъым.

ХьэщІэщым сыщІотІысхьэ. Кьызата пэшыр Іэхуитлъэхуитщ, тынышгъуэ псори иІэщ. Уасэри, европей пщалъэхэм ятепщІыхьмэ, инкъым: пщэдджыжьышхэри хэту зы жэщ-махуэм евРэ 30.

Ауэ хьэщІэщыр илъэс нЫкъуэ хьуауэ нэщІщ: пэш 16-м щыщу цІыху зыщІэсыр тІуш. Адрей пэшым щеблэгъащ сабиитІ зиІэ зэщхьэгъуэсэхэр: литовец щІалэрэ урыс бэпльхъугъэрэ.

- ХьэщІэу кьытхуеблагъэкІэ зэщІыкІЫ нэхъ мащІэ хуащІ. Дэ ар дольагъу дызыдэлажьэр Урысейм кьикІахэм я закъуэщІ, - кьызжеІэ турист компаниеим и унафэщІым и Іэтащхьэ Кевилас Эдмундас. Абы псалъэхэр зэпэшэчауэ кьыжех, зэпсалъэр зэрыжурналистыр ещІэрэ.

- Урысей туристхэр зэзыхъуэкІын фиІэ? Псалъэм и хьэтыркІэ, Польшэм, Латвием, Белоруссием къикІахэмкІэ...

- «ЗзэзыхъуэкІын» псалъэр тэмэмкъым. Дэтхэнэ я кьэралым и турист компаниехэм и кьахуеблэгъэнухэр дэнэ щІыпІи кьыщалъыхьуэ. Урысей туристхэм Палангэ зыщагъэпсэхурт, Друскиникасрэ Бирситонасрэ я санаторхэм дохутырхэр зыщІагъэІэзэт.

- Урысейм къикІыу щытахьэщІэхэм я процент 30-р зэрыффІэкІуэдар къыфтехьэлъа? Ахъшэ куэд фІэщІэкІа?

- Палангэ унэхэр пІалъэкІэ фэтэру щатыжьфыркъым. Апхуэдэ Іэнатіэ щыІэжкъым. Ауэ вагъуитху зытет хьэщІэщхэр мэлажьэ. КьыщыхтхуэмыкІуэжыр сомыр евРэмрэ долларымрэ ельытауэ пуд дыдэ зэрыхъуарщ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, цІыхухэм ахъшэ яІэкъым.

- Урысейм нахуэу хуэдэзэлашэу Литвам и политикхэм жаІэхэм фи деж къакІуэ гъуэгум уи туристхэм хуэзэуамыщІу пІэрэ?

- Ахэр, дауи, щІэгъэкъуэн хъуркъым...

Щхьэтечу жьпІэмэ, ауэ сытми зэрэн хъурэ! Абы кьыхэкІыу Урысейм щыщ хьэщІэкэр иригъэблэгъэн папщІэ Литвам и турист компаниехэм хэкІыпІэхэр сыт щыгъуи кьалъхьэн хуей мэхъу, уасэхэр ягъэмащІэурэ. Сыт абы къишэр? ЩІыпІэ туркомпаниехэм я лэжьакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, хьэщІэхэр Іыхьэ щанэкІэ нэхъ мащІэ хъумэ, ахъшэм и процент 70-р мэкІуэд...

Уи щхьэфэм Іэ кьыдалъэнукъым

Литвам «щхьэхуитыныгъэмрэ демократиемрэ» апхуэдизу куу щыхъуащи, ар зыхьбощІэ хэт уепсалъэми - ар щыпІэ политикиу е урысибзэкІэ кьыдэкІ газетым и редактору, туркомпаниием и Іэтащхьэу, уеблэмэ, пхъэнкІакІуэу щрырет. «Тхъэм щхьэкІэ диктофоным иумытхэ!» «Дэ дыхуейкъым ди цІэр кьыхэщыну, иджы зэфІэувэ геополитикэ щытыкІэм и зэран кьыдэкІынущ», - а псалъэхэр сэ Литвам и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щызэхэсхащ.

- Сыт, зиунагъуэрэ, фызыщыщынэр?

- Апхуэдэ псалъэхэм папщІэ ди деж уи щхьэфэм Іэ кьыщыдалъэнукъым. Урысей журналистым пыщІэныгъэ гуэр хузиІэ цІыхур Литвам кьыщалъытэ Кремлым хуэлажьэу. Сыт бэлъхь зыщІыхэддзэжьынур?

- Хэт абыкІэ хъыбар езыгъэщІэнур?

- КьыбгурымыІуэу ара?

Кьызгуроіуэ. Сыт абы кьыбгурымыІуэну хэлъыр? Урыс школищыр зэхуащІыжьыркъым, атІэ зыуэ зэгуагъэхъэу аращ. УрысибзэкІэ псалъэ телеканалхэр зэхуащІыжьыркъым - ахъшэ хуамыуТІыпІущыжьну, зыри ядэІэпыкъу мыхъуну аращ. Абы кьикІыр хэт зымыщІэр? Дыхьэшхэнщ, ауэ урысибзэкІэ псалъэхэр щыпсэу Висагинас щыщхэр урысибзэкІэ кино еплъын папщІэ Латвием и Даугавпилс, километр 50-кІэ ялэжьжьэм, кІэн хуей мэхъу. Абы урысибзэкІэ кино ущеплъ щохъу, Литвам щыхъуркъым.

ПОНОМАРЕВ Сергей.
«Комсомольская правда»

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Телъхьэ зиІэ хьэгъуэлІыгъуэ

Алиментхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ запылъэщІ щІыхъуэр суд приставхэм Ярославль къыщаубыдащ езым и хьэгъуэлІыгъуэм хэту. Ар и хьэгъуэлІыгъуэ ещанэт.

МЕНДЕЛЬСОН и маршыр къеуэрт. НысащІэм удз гъэгъа Іэрамэ иІыгът. Мис иджыпсту бжэхэр зэІуКІынурэ нэчыхь щатхыну пэшым щІыхьэнущ. Ауэ абы и пІэкІэ загсым къыщІэлъэдащ суд приставхэр! Абыхэм цІыхухъуэм Іэщ1алъхащ тхылъымпІэхэр: автомобиль зэрригъэкІуэну хуиткъым, нэгъуэщІ къэрал кІуэ хъунукъым. НысащІэр гужьеІщ, я Іыхьлъыхэм къэхъуар кьагурыІуэркъым.

Мыбдежым щыкъу анэм куэд къыщищІащ и малъхъэ хъунум теухуауэ. Илъэс 37-рэ зи ныбжь С. Александр кьуэрэ пхъурэ иІэщ икІи илъэсих хъуауэ абыхэм алиментхэр яритыркъым. ЩІыхуэшхуэ кьытехуащ - сом мин 775-рэ!

- Куэд щІауэ дылъыхуэрт, ауэ кьытхуэгъэтыртэкъым: зыщІыпІи щылажьэ хуэдэтэкъым, щатха унэми щыпсэуртэкъым, - жаІащ приставхэм. - Нэчыхь ирагъэтхыну я кьыщытщІэм, загсым дыкІуащ.

Абыхэм щыхуэ зытелъхэр загсым кьыщаубыдыну нэхъапэм зэи кьахуихуакъым. Ауэ заІэжьэ хъунутэкъым, щІыхухъум хьэгъуэлІыгъуэ щищІ зэманым абы и бынитІым щІакхъуэ уасэ ямыІэнри Іуэхум хэлът...

ЩІауэм тхылъымпІэм Іэ тридзащ, щІыхуэ псори ипшыныжыну кьигъэгугъэри. Загсым и лэжьакІуэхэр сакъыуэрэ хъыджэбзым ёупщІащ: удэкІуэну уемыпІэщІэкІыу пІэрэ?

- Фи Іуэху хэлъкъым! – яритыжащ нысащІэм жэуап икІи нэчыхьыр иригъэтхащ.

Абдежым щызэфІэкІауэ кьыщІэмыкІынкІэ хъунущ мы Іуэхур. Гъатхэпэр икІыхущ щІыхухъум щІыхуэр ипшыныжыну пІалъэу иратар, Абы къимыПІасэмэ, приставхэр абы и унэм кІуэнурэ и мылъкур ятхынущ. ИтІанэ хьэгъуэлІыгъуэм кьыщыхуащІа тыгъэхэр кьэгъуэтых!

ПРОХОРОВЭ Ольгэ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Щэн папщІэ

Урысейм щынэхъ гугъуэхэр

«Боинг 737-800»-р Дон Іус Ростов и аэропортым къыщІэхуэха иужькІэ, куэдым жаІэ абы и кхъухьлъатэ кьетІыгъэпІэр кьэралым щынэхъ щынагъуэ дыдэу щыту. Псом хуэмыдэу зытрагъащІэр зы щІыпІэм и деж аз зэрыщыІушэрщ.

- ПЭЖЩ. Ауэ абы щыгъуазэщ Урысейм и кхъухьлъатэзехуэ псори, - кьыжриІащ «КП»-м зи цІэр хэлъщІыІу ямыщІну пІалъэу пилотым. А щІыпІэр картэм итщ икІи абы сыт щыгъуи хуэхьэзыру ущытын хуейщ.

Апхуэдэу щытми, Іэщ1агъэлІхэм кьалъытэ ростов аэропортыр мынэхъ щынагъуэ дыдэу. Гугъуехьэхэр аэропорт нэхъыбІхэми кьыщыкІэхьэкІынкІэ хьунущ. Псори зэлъытар дунейм и щытыкІэрщ.

Абыхэм зэхалъхьащ аэропорт нэхъ гугъу дыдэхэм я рейтингыр. Мис абы хэчуахэр.

Адлер (Сочэ)

СССР-м и зэманми ар кхъухьлъатэзехуэхэм я деижІэ нэхъ гугъу дыдэу кьалъытэу щытащ. Бгыхэм я зэранкІэ, аэропортым уэзрыщхьэщыхьэфынур тенджызы лъэныкъэмкІэщ. УкъытелъэтыкІынуми аращ.

Дунейр щыуэфІми, тенджызым кьыхиху бахъэр кхъухьлъатэм кьыпльоІэс ар щытІысэхкІэ. Абы кьыдэкІуэу кхъухьлъатэм зытригъэзэгъэн хуей мэхъу бгымрэ зымрэ я зэхуаку зэвым. А псомИ хэГъэхьэж щІыпІэм щІэх-щІэхьырэ жьышхуэ кьызэрыщепщэр. Мыри кьэлъытэн хуейщ: Адлер кхъухьлъатэ кьыщемытІысэхьфмэ, етІуанэу аэропортым кьыщІэщыхьэнымкІэ щІыпІэ Іэмалыр мащІэ дыдэщ - тебухуамэ, ущытІысын хуейщ. Аращ 2006 гъэм аэропортэм я рейтингыр щызэхалъхьэм шынагъуэ и лъэныкъэгъэкІэ мыр Лондон и «Хитроу» - дунейм щынэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зым - щІыхуагъэдар.

2006 гъэм Адлер кьыщІихъуащ насыпншагъэшхуэ - цІыхуи 113-рэ зэкІуэдащ, ахэр зэрыса А320-р (Армением ейр) кьехуэхри. Арщхьэкіэ Олимпиадэм зыщІыхуагъэхьэзырым мы аэропортыр ирагъэфІэкІуащ дунеипсо пщалъэхэм тету.

Петропавловск-Камчатский

Мыбы куэдрэ дунейр щызэІохьэ, жьышхуэ кьыщопщэ.

Апхуэдэу кхъухьлъатэзехуэхэр гугъу щохь Воркута, Благовещенск, Итуруп (Курил хытІыгуэр) я аэропортхэм. КІэщІу жьпІэмэ, бгыхэр зи гъунэгъу сыт хуэдэ аэропортми ущытІысыну хьэлъэу кьалъытэ.

Базыкин Вадим, Урысейм щІыхь зиІэ и кхъухьлъатэзехуэ:

- ИпэжьпІэкІэ гугъуу къэплъытэ хъунущ аэропорт псоми я процент 30-р. Абыхэм я нэхъыбэр бгыхэм я гъунэгъущ. А псори тхылъхэм итщ икІи абы хэхъьэзырщ пилотхэр - тренажёрхэм щызыугъаСэ. КьищынэмыщІауэ, уэгум дыхьыхэн и пэкІэ дэ псори зыдогъащІэ: дыздэлъатэр, тІысыпІэр зыхуэдэр, дунейм и щытыкІэр. ТІысыпІэ гугъуэхэр щыІэщ, ауэ а щхьэусыгъуэм кхъухьлъэтэн щыІэтэн щыдгъэтыжьну? Зи Іэщ1агъэм кууу хэзыщІыкІ пилотым кхъухьлъатэр сыт хуэдэ аэродромми щигъэтІысыфынущ. Арщхьэкіэ утІысыным зы щынагъуэ мащІэ дыдэ пылъу шэч пщІымэ, и чэзум нэгъуэщІ щІыпІэкІэ унэтІын хуейщ.

САЗОНОВ Евгений, КОЧНЕВЭ Александрэ.
«Комсомольская правда»

Латвием и Сеймым и депутат Сполитис Вейко жиІащ Ригэ хуит къэзыщІыжахэм я фэепльэр Іухьыжын хуейуэ. «Согласие» партым и фракцэм и унафэщІым и къуэдзэ Агешин Валерий къиІьлъатащ апхуэдэ жэрдэм депутатым къыхихьлъхьэну емыкІуу. Ригэ нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІахьыжьым зэхэуэ гуащІэхэм хэкІуэда сает зауэлІхэм я фэеплъщ ар. Илъэс къэс Накъыгъэм и 9-м цІыху мин 200-м нэс абдежым щызэхуос, хэкІуэдахэм яхуощыгъуэ,ТекІуэныгъэм и махуэр Латвием щамыгъэлъэпІэжми. Тетыгъуэр зыІыгъ «Единство» партым хэтхэм зыри жаІэркъым депутатым къыхихьлъхьам теухуауэ.

● Пшыхьхэр

Къумахуэ Мухьэдин Хьэщэ Къанщобий йохъуэхъу.

Республикэм и театрхэм я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр.

НэхъыфIхэр ягъэлъапIэ

Гъатхэпэм и 27-м Налшык щагъэлъэпIащ Театрым и лэжьакIуэхэм я дунейпсо махуэр. Пшыхь гуапэр къызэригъэпэщащ УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пшыхьыр къыщызэIуихым къеджащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий театрым и лэжьакIуэхэм зэрызахуигъаазэ хъуэхъум. Абы кIыхьоу щэнхабзэм ди гъащIэм къыпхуэмылъытэну мыхьэнэшхуэ зэрыщIэр, ар зи Iэнатlэхэм фIыщIэ, щытхъу псалъэ куэд зэрахуэфащэр.

УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз республикэхэм гъэздэжэкIмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Фырэ Руслан** къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Калягин Александр зи махуэр зыгъэлъапIэхэм къахуигъэхьа хъуэхъум.

Къумахуэ Мухьэдин театрым илъэс зыбжанэ хъуауэ хуэлажьэ, а Iэнатlэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьахэм я Iэхуищlапlэм и Щlыхь тхыльхэр зэрыхуагъэфащам теухуа унафэм кьеджащ, икIи а пшыхьым щаритыжащ. ЯгъэлъапIахэм ящыщщ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэу щыта Шыгъущэ Пидэ, Музыкэ театрым и балетмейстер Гъубжокъуэ Болэт, Музыкэ театрым и машинист нэхъыжь Ерыжокъуэ Мухьэмэд, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Гъащэ театрым и унафэщI Шумахуэ Владимир сымэ.

Пшыхьым хIыхьэу къызэрагъэпэщащ «Илъэсым и театр лэжьыгъэ нэхъыфIхэр» зэпеуэр. Абы хэту КъБР-м и Музыкэ театрым и лэжьакIуэхэм ягъэлъапIэгъуащ Листов Константин и «Севастопольский вальс» опереттэр, Щоджэнцыкlу Алий и «Мадинэ» поэмэм къытращыкIа оперэр, Филатов Леонид и «Про Федота-стрельца, удалого молодца» спектаклыр. Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакIуэхэм утыку кьрахьащ Розов Виктор и «Уахътынышхэр», Бунин Иван и «Льагъуныгъэм и грамматикэ», Цагарели Авксентий и «Ханума» спектаклхэр. Кулиев Кьайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и артистхэм ягъэлъэгъуащ Теппеев Алим и «Летящая звезда» спектаклыр. Урыс къэрал драмэ театрым и артистхэм утыку кьрахьащ Гуртуев Сэлихь и «Раненый камень», Баганов Виктор и «Бинго» спектаклхэр.

«Илъэсым и театр лэжьыгъэ нэхъыфIхэр» зэпеуэм кьрикIуахэм щагъэгъуэза иужькIэ, «Режиссёр лэжьыгъэ нэхъыфI», «Цыхьухэу роль нэхъыдI», «Цыхьуб роль нэхъыфI», нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэми щытекIуахэм я цIэхэр къриIуащ Тепеев, атрым и лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Фырэ Майе**.

Артист ныбжьыщIэхэм къахэжаныкIащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Зэмай Iэминэ, МафIэдз Заирэт, Щоджэн Асир сымэ («Ханума», «Льагъуныгъэм и грамматикэ» спектаклхэм хэтащ), Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Мэкъуауэ Астемыр («Мадинэ» оперэм), Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Мэкъуауэ Альмирэ («Мадинэ» оперэм, «Севастопольский вальс» оперетттэм), Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артист КъанкъулИслъам («Бинго» спектаклым).

«Цыхьухэу роль нэхъыфI» Iыхьэм пашэу къыщыдгъэлъащ КъБР-м и цIыхубэ артист, Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Кьуныжь Алим («Раненый камень»), Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Абэнокъуэ Рустам («Севастопольский вальс» оперетттэ), Горький Максим и цIэр зезыхьэ урыс къэрал драмэ театрым и артистхэу Балъкъэр Юрийрэ Iусейн Олегрэ («Бинго» спектакIь), КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Гуаэз Тимур («Мадинэ» оперэ).

ЕтIуанэ планым и «Цыхухъу роль нэхъыфI» Iыхьэм къыщыхэжаныкIащ Бозий Рустамрэ Бейтыгъуэн Жамболэтрэ («Уахътынышхэр»), КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Къумыкъу Мухьэдин («Севастопольский вальс»), КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Кулиев Кьайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и артист Тохаев Зулъкъарней («Летящая звезда») сымэ.

«ЦIыхубэ роль нэхъыфI» Iыхьэм пашэ щыхъуащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Хьэхъупащ Фатlимэ («Уахътынышхэр»).

ЕтIуанэ планым и «ЦIыхубэ роль нэхъыфI» Iыхьэм щытекIуащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Мэкъуауэ Фатlимэ («Уахътынышхэр»), Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ Мамбэт Мадинэ («Севастопольский вальс»), КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Хьэмыкъ Жаннэ («Бинго»), КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Шал Фатlимэ («Уахътынышхэр») сымэ.

Пшыхьыр ягъэдхащ республикэм и уэрэджыкIуэхэу Хуламхановрэ Къайсынрэ, Жабоевэ Замирэ, Хакилаевэ Денизэ сымэ, нэгъэщIхэми.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Марзиет** *трихащ.*

Зэныбжьэгъугъэм и лъабжьэр

● Школ хъыбархэр

«Къытхуеблагъэ, гъатхэ!» фIэщыгъэм щIэт зэхьхьэ щрагъэкIуэкIащ Налшык курыт школ №9-м. Ар къызэригъэпэщащ а Iуэхущlапlэм и унафэщI Коротких Ольгэ. Зэхьхьэм кърагъэблагъащ Прохладнэ дэт школ-интернатым и гъэсэн щыкIуэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ.

- НОБЭРЕЙ ди зэхуэсымкIэ дэ къэдгъэлъэгъуэну дыхуейщ дунейм сабийуэ тетыр зэрызэхуэдэр. Зи бзэ мыпсалъэхэри, зи тхьэкIумэхэм зэхамыхьэри мыдрей сабий узыншэхэм хуэдэу я зэфIэкIхэр къагъэлъэгъуэфу, я гур утIыпщауэ утыку кьихьэфу егъэсапхъэщ. Дэ дыхейщ а цIыкIуэхэм зыхедгъэщlэну ипэкIэ кIуэтэн зэрыхуейр, сыт хуэдэ я зэфIэкIри зэрыщхьэпэр, - жеIэ Ольгэ.

Зэ1ущIэр къызэгъэпэщыныжкIэ школым сэбэп кьахуэхьуащ КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ япыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр Къуэшрокъуэ Залым. Абы Ольгэ фIыщIэ ин хуищIащ. «Ар мыхъуамэ, дызэрыхуейм хуэдэу гулъытэ яхуэдмыщIыфынкIи хъунут ди хьэщIэхэм, - къыхигъэщащ абы.

Зэхьхьэм и пэщIэдзэу мыхьэщIэхэмрэ еджакIуэхэмрэ зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ. Ахэр махуэгъэпсым хэту сабийхэм иужькIэ хуагъэушыжащ. ЦIыкIухэм классхэм, спортзалхэм, зыщрагъэпIыхьэщ, щагъэджэгуащ. Ахэр елпIащ школым къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм. Абы хэлът еджакIуэхэм я Iэрыщ1 хьэпшып хьэлэмэт куэд. ИужькIэ ирагъэкIуэкIащ лъэныкъуитIми зэхалъха концертыр. Зи бзэ мыпсалъэ сабийхэми ягъэхьэзырат гукъынэж теплъэгъуэ дахэхэр.

Концерт нэужым ахэр школым и шхапIэм щIашэри ягъэхьэщIащ. Абы хэм хуагъэува Iэнэ бэрычэтым ерыскъы щIэщыгъуэ куэд телъащ. ИужькIэ школым и гъэсэнхэм хьэщIэхэм пащIэ ягъэхьэзыра тыгъэхэр хуагъэшыжащ. ЦIыкIухэр зэхъуэхъужу тхыгъэ кIэщI цIыкIу куэд кIэралъхьащ «Зэныбжьэгъугъэм и жыгым».

Зэхьхьэм и кIэухэу сабийхэм я хъуэпсапIэхэр зытет шархэр яутIыпщащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

● Шэджэм щIыналъэ

Хабзэм пщIэ хуэзыщIхэр

Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIащ «Хабзэм пщIэ хуэзыщIхэр» зэпеуэр. Ар къызэрагъэпэщащ Урысейм и МВД-м балигъыпIэ имыIувахэм я Iуэхуэмкlэ Шэджэм щIыналъэм щиIэ къудамэмрэ Егъэджэныгъэмкlэ управленэмрэ.

ЩIЭБЛЭМ я узынщагъэр лымыгъэм, терроризмэм, экстремизмэм пэIэщIэ щIыным теухуа зэпеуэм хэтащ районым и школхэм я агитбригадэ 13. Еджакlуэхэр зэпеуащ литературэ теплъэгъуэхэмкlэ, фадэмрэ афиныкмрэ кьашэ зэраныгъэхэм теухуа видеогъэлъэгъуэныгъэ кIэщIхэмкIэ, кьафэмкIэ. Ялэ увыпIэр кьахьащ Шэджэм къалэ дэт школ №91-м, етIуанэр зэдагъэушащ Нартан щыIэ интернат-школ №5-мрэ Шэджэм ЕтIуанэм дэт школ №2-мрэ. Ещанэ хъуащ Щхьэлыкъуэ школ №2-мрэ Яныкъуей къыкIакIэхэмрэ.

Текlуахэм Егъэджэныгъэмкlэ управленэм кьыбгъэдэкIыжащ щIыкIэ тхыльхэр хуагъэфэщащ, зэпеуэм хэта дэтхэнэми диплом ираташ. Урысейм и МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Элекуев Хьэсэн пашэ хъуа гупым яритащ езым къыбгъэдэкI саугъэтыр.

КIАРЭ Элинэ.

● Аруан щIыналъэ

Лъэпкъхэр зэкъуэтмэ

Аруан дэт къуажэ библиотекэм щекIуэкIащ тхыдэм и сыхьэт. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэкъуэтныгъэмрэ я зыужьныгъэмрэ, залымыгъэкIэ зи Хэкур зэгуэр зрагъэбгына лъэпкъхэм ягъуэтыжа зыужьныныгъэм, ди къэралым щекIуэкIа уэхуэныгъэ инхэр зи фэ дэхуа цIыху гуащIафIэхэм.

«БГЫРЫСХЭМ я къуажэжь къагъэзэжащ» фIэщыгъэм щIэту къызэрагъэпэща мы Iэхуэм хэтыну кьрагъэблагъат республикэм унагъэмрэ сабийхэмрэ ядэIэпыкуныгъэкIэ и центрым щыIэ сабийхэр. Ахэр къеджащ лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэм, къэралым и лъэхъэнэ гугъуэхэм, цIыху гъащIэм, лэжьыгъэм зи сатыр мыкIуэдыжхэр хуэзыгъэпса КIыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсын, Макитов Сэфар сымэ я уэсхэм.

Пlэпкъхэм я зэкъуэтныгъэм теухуауэ Аруан къуажэм щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI зэгъущI, пшыхь, гъэлъэгъуэныгъэ гъащIэгъуэнхэр. Кьапщтэмэ, мы адыгэ жыл1ажьым балъкъэр унагъэхэр щыпсэу зы уэрамышхуэ иIэщ. А хьэблэр Мыкостейм кьыззрыхэтIыскъэрэ зэманыфI дэкIащ, икIи лъэпкъитIри зы унагъуэм хуэдэу зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу щыз1эдопсэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Уэчылым тезыр щIытралъхьар

Налшык къалэм щыпсэу, илъэс 35-рэ зи ныбжь щIыхухъум щIыхухэм юридическэ Iуэхутхьэбзэхэр яхущIэрт икIи абыхэм къапэкIуэу хэхъуэшхуэ иIэт. Ауэ Урысейм Шынагъэншагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ абы хабзэм тету налог органэхэм щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэу зэрыщызримыгъэтхар, юридическэ Iуэхущlапlэ къызэIуихауэ зэрыщымытыр.

ХАБЗЭМ къемызэгъыу апхуэдэ лжэныгъэ зэрыригъэкIуэкIа зэманым къриубыдэу хыхьэхэкI зиIэ юристым республикэм и егъэджакIуэу, медицинэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэу къуажэхэм щыпсэухэм зэгурыIуэныгъэ 500-м нэблагъэ ярищlылIащ ахэр щыпсэу унэхэр пщIэншэу ягъэлъпIэныжмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зэтетэуэвжьыным хуэгъэзауэ икIи а лэжьыгъэм кьыпэкIуэу сом мелуан 12-рэ мин 663-рэ кьыIэрыхьащ.

Налшык къалэ судым 1980 гъэм къалъхуа цIыхухъум УФ-м и Уголовнэ кодексым и 171-нэ статьям и Iыхьэ 2-м кьыщыгъэлъэгъуа хабзэншагъэр илэжьауэ кьилытащ икIи ар зы илъэсрэ ныкъуэкIэ условнэу игъэтIысащ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Кавказым и Кубокыр ди щIалэхэм къахь

Сочэ къалэ дэт «Акваллоо» спорт Iуэхущlапlэм гъатхэ-пэм и 24 - 27-хэм щекIуэкIащ Кавказым и Кубокыр каратэмкlэ къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы хэтащ спортсмен 600-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм зэхьэзэхуэм къыщащхьащ медаль зэмылIэужьыгъуэу 15. Ахэм ящыщу 8-р дыщэщ, 5-р дыжьынщ, 2-р жэщщ.

Командэ зэпеуэм и финал зэIущIэм ди щIалэхэм Армениемрэ и лIыкIуэхэр 3:2-гъэ щыхагъэщIащ икIи цIыхухъухэм я гуп зэпеуэм япэ увыпIэр къыщащхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэкар зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Щомахуэ Владимир, Гуэбэшьы Асльэн, Могилевец Евгений, Нэхущ Руслан сымэ.

МЭЗКУУ Къан.

● Каратэ

● ХъыбарегъащIэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщIэну фыхуеймэ

США-м къикIыжа егъэджакIуэм адыгэбзэ къызыгурыIуэ ныбжьыщIэхэм (илъэси 8 - 14 хъуахэм) инджылызыбзэр яригъэщIэнущ. А бзэр нэхъ кууэ зыджну, абыкIэ яIэ щIэныгъэм хэзыгъэхъэуну хуей студентхэми хьэрычэтыщIэхэми ядэлэжьэнущ илъэс 30-кIэ егъэджакIуэу щыта а IэщIагъэлIыр. Дерсхэр екIуэкIынущ блыщхьэ, бэрэжьей, мэрем махуэхэм.

УпщIэ фиIэмэ, фыпсалъэ хъунущ 8-928-708-57-97 телефоным.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ШIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэуэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Элэ,** *редактору* **Багъэтыр Луизэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлфэхьуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №463